# Sociallıq tarmaqlardıń birinde “Ministrler Keńesi Baslıǵınıń orınbasarları qabıllawı óz waqtında ótkerilmey atır” atamasında post járiyalandı

Image not found or type unknown

El basshımız tárepinen puqaralarımızdıń múrájatların tıńlaw, mashqalaların anıqlaw hám olarǵa unamlı sheshim tabıw, sonday-aq búgingi kúninen ırazı qılıw hár bir basshınıń baslı wazıypası etip belgilep berilgen.

Sonday-aq, Ministrler Keńesi Baslıǵı hám onıń orınbasarları, sonıń menen bir qatarda, tiyisli taraw basshıları rayonlarǵa shıǵıp, máhállelerde júrgen halda mashqalalardı puqaralar menen júzbe-júz sáwbetlesiw arqalı anıqlamaqta.

**Hár bir basshı puqaralardı kabinette otırǵan halda emes, al, máhállelerge barıp, puqaralardıń múrájatın tıńlaw hámde uzaǵın jaqın qılıw baslı wazıypa etip belgilep alınǵan.**

Sonı da qosımsha atap ótiwimiz zárúr, Ministrler Keńesi Baslıǵınıń orınbasarları rayonda bolǵan waqıtlarında **“Múrájat qabıllaw bólimi”** hámde **sekretariat baslıqları** tárepinen puqaralardıń múrájatları tıńlanbaqta hámde mashqalaları tiyisli mákeme, kárxana hám shólkemler menen birgelikte úyrenilip atır.

Ministrler Keńesine kelip túsken hár qanday múrájat ***(isenim telefonı 61 222-26-14, jazba hám awız eki)*** Ministrler Keńesiniń Baslıǵı F.Ermanovtıń jeke qadaǵalawına alınǵan hámde múrájatler hár hápteniń Dúyshembi kúni kórip shıǵıladı.

Sonıń menen bir qatarda, Ministrler Keńesi Baslıǵınıń birinshi orınbasarı N.Erlepesov tárepinen Juma kúni háptelik xat hújjetler hám múrájatlar sın kózqarasta kórip shıǵıladı hám de tiyisli ilajlar kóriledi.

Bunnan tısqarı, Ministrler Keńesi janında **“Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵındaǵı máhállelerde sistemalı mashqalalardı anıqlaw, búgingi kúnge shekem óz sheshimin tappay atırǵan hám xalıq keypiyatına keri tásirin kórsetip atırǵan mashqalalardıń unamlı sheshimin tabıw ushın arnawlı ShTAB”** shólkemlestirilgen.

Bunnan kózlengen maqset, mámleketlik organlar menen xalıq arasında ashıq-aydınlıqtı jolǵa qoyıw, mashqalalardı anıqlaw, múrájatlardıń nızamlı hám sapalı kórip shıǵılıwın támiyinlewde áhmiyetli mexanizmdi jolǵa qoyıw názerde tutılǵan.

**Maǵlıwmat ushın arnawlı shtab nomeri: (61 222-13-46)**